Palm Beach Prep Charter Academy

3525 S. Congress Ave.
Palm Springs, FL 33461
561-623-6935

Dr. Todd
Direktè

2026 Plan Angajman Paran ak Fanmi (Kreyòl)

24 Out 2026

Chè Paran ak Fanmi,

Nan Palm Beach Prep, nou kwè paran ak fanmi yo se pi gwo patnè nou pou ede elèv yo reyisi. Misyon nou se bay fanmi yo kapasite pou sipòte devlopman akademik ak sosyal timoun yo, pandan n ap kreye yon anviwònman kote tout moun santi yo akeyi, respekte, epi enkli nan desizyon enpòtan ki afekte kominote lekòl la.

Chak ane lekòl, nou envite paran, fanmi, pwofesè, anplwaye ak manm kominote a pou patisipe nan opòtinite lidèchip tankou Konsèy Konsiltatif Lekòl la (SAC) ak Komite Angajman Paran Tit I. Gwoup sa yo bay fanmi yo yon vwa dirèk pou ede fòme pwogram nou yo, revize plan lekòl la, epi asire tout opinyon reprezante.

Men kijan fanmi yo ka patisipe ane sa a:

Kijan Nou Chwazi Reprezantan Paran ak Fanmi

• **Notifikasyon ak Pwomosyon:** Nan kòmansman chak ane, nou voye envitasyon pou nominasyon pou SAC ak lòt komite atravè bilten, imèl, sitwèb lekòl la, ak reyinyon paran-pwofesè. Nou pataje enfòmasyon sa yo nan plizyè lang pou tout fanmi ka gen aksè.

• **Pwosesis Nominasyon:** Paran ak manm fanmi yo ka nonmen tèt yo oswa lòt moun pou sèvi. Moun ki nonmen yo konfime yo dispoze sèvi anvan yo mete yo sou bilten an.

• **Enklizyon Kontinyèl:** Menm si ou pa eli pou sèvi, ou toujou byenveni pou asiste reyinyon SAC yo, patisipe nan diskisyon Tit I, epi pataje lide ou pandan tout ane a.

Fòmasyon pou Paran 2026–2027

• **9 Septanm 2026** – Fòmasyon Grad Allie: Paran yo ap aprann kijan pou itilize platfòm sou entènèt nou an pou swiv nòt, tcheke devwa, voye imèl bay pwofesè yo, epi sipòte aprantisaj timoun yo lakay.

• **11 Novanm 2026** – Sipò Matematik ak Lekti: Paran yo ap aprann sou nivo matematik ak lekti timoun yo epi yo ap resevwa estrateji ak resous pou ranfòse ladrès sa yo lakay.

• **26 Mas 2027** – Chemen pou Pwomosyon: Paran ak elèv yo ap revize pwogrè yo pou pase nan pwochen nivo klas la, aprann sou kondisyon distri a, epi pratike.

Opòtinite Kontinyèl pou Fanmi yo

• **Pran Desizyon Ansanm:** Paran yo envite pou ede devlope Plan Lekòl la (SWP), Evalyasyon Bezwen Konplè (CNA), ak Plan Angajman Paran ak Fanmi (PFEP). Nou ranmase fidbak nan reyinyon, atelye, ak sondaj.

• **Komunikasyon:** Fanmi yo ap resevwa mizajou regilye atravè bilten, imèl, ak reyinyon. Nou ankouraje yon kominikasyon de sans — vwa ou enpòtan.

• **Aksè pou Tout Moun:** Tout fanmi yo byenveni e nou ankouraje yo pou yo patisipe. Nou bay enfòmasyon ak sipò nan plizyè lang lè sa posib.

• **Volontarya:** Paran yo envite pou pataje tan yo ak talan yo pou sipòte evènman ak aktivite lekòl la. Lyen Paran nou an, Madam Alexandra Plaza (407-454-1143), disponib pou konekte ou ak opòtinite yo.

Ansanm, nou ka fè ane sa a tounen yon ane kwasans, reyalizasyon, ak bon patenarya pou chak elèv. Mèsi pou sipò kontinyèl ou ak angajman ou anvè Palm Beach Prep.

Sensèman,

Dr. Todd

8/26/26

Direktè

Date